*Ассаламу гIалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№62-63

(9806-9807)

2016 соналъул
1 ноябрь

*ТАЛАТ*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

# ГIОДОБ ЛЪУНА КЪАЛАМ, КЪОТIАНА РАГIИ!



ГIодоб лъуна къалам, къотIана рагIи
Къойилго кагътазе дуца чучарал
Газеталъул гьурмал бечед гьарурал
Чанги чи кантIулеб ракI беэдулеб.

КIикъоябго соналъ «Гьудуллъи» газет
Дур нухмалъиялда гьоркь парпадана
Таманалго соназ гьелъул гьурмазе
Дур макъалабаца берцинлъи кьуна.

Тохлъукье хутIана гIагараб газет
Бищунго жигарав хIалтIухъан камун
ЛъачIого ратана хIалтIи цадахъал
Дур бетIераб пикру кодосаги ун.

Гьалгониял соназ жиб дуца ккураб
Газетаго гурищ бесдал хутIараб
Сабруги, гIакълуги къойил бикьизе
Камуна гурищ мун коллективалъе.

**З. МУХIАМАДОВА.**

***ХIурматиял газета цIалулел, гьаб номералда нижеца рахъулел руго мунагьал чураяв ШагIбанил газеталъул гьурмазда инчIого хутIарал макъалаби.***

# НУХМАЛЪУЛЕСУЛ ТАРБИЯ КЬЕЯЛЪУЛАБ РОЛЬ ЦIИГЬАБИЗИН!

Ахираб заманалда тIаса гъоркьеги гъоркьан тIадеги гIемер бицунеб буго гIун рачIунел гIелазегун тIолалго гIадамазе нравственниябгун рухIияб ва патриотикияб тарбия кьеялъул рахъалъ. Гьенир аслияв тарбиячагIилъун рихьизарулел руго, тIоцебесеб иргаялда школал, ай киналго лъай кьеялъулал учреждениябиги культураялъул гIуцIалабиги ва гьеб тIаде босун буго рагъулгун захIматалъулал ветераназул гIуцIалабазги…

Доб идеяги идеологияги ва цебе бугеб мурадги лъалеб букIараб Совет Союзалъул заманалда гьел фигурантал гIемерал рукIана. Гьел рукIана, узухъда, долго лъаялъулал учреждениябиги, гьезулго комсомолалъулгун партиялъулал байбихьулал гIуцIалабиги ва коммунизмалъул школайин абулеб букIараб профсоюзалъул гIуцIалабиги гьел рукIана киналго учрежденияздагун организациязда ва колхозалда.

Гьезде тIадеги хIалтIухъабазе, хасго гIолилазе рухIиябгун нравственнияб ва патриотикияб тарбия кьеялъул иш тIадаблъун гьабун букIана киналго нухмалъулезда-гIиссиназдаги чIахIияздаги ва тIадегIаназдаги. Гьединлъидал учреждениязулгун организациязул щивав нухмалъулев лъугьун вукIана гIуцIарухъанлъун гуревги, унго-унгояв тарбиячилъунги. НасихIаталда цадахъго чIагояв мисаллъунги вукIунев вукIарав нухмалъулесул тарбия кьеялъулаб хIалтIул хIасилги цIикIкIараб букIунаан. Нилъер гIакъилал умумузул абиги гьечIищха: азарго нухалъ гьабураб насихIаталдасанги вагIзаялдасанги цо нухалъ бихьизабураб мисалалъ хIасил цIикIкIараб кьолин абураб… Гьеб гуребги захIматалъулаб коллективалъул рухIиябгун нравственнияб ва моралияб хIалалъул жавабчилъи тIалаб гьабулеб букIана нухмалъулесдасан.

Гьаб, пачалихъалдаги ва тIолабго дунялалдаги хIалуцараб хIал бугеб заманалда киналго захIматалъулал коллективазулги росабазул ва цогидалги нухмалъулезул рухIиябгун нравственнияб ва патриотикияб тарбия кьеялъулаб роль цIи гьабизе кколеблъи бихьизабулеб буго улкаялъул бетIерав нухмалъулев ва патриот, РФялъул Президент В.Путинил нухмалъиялъулаб мисалалъ. Гьеб ккола щивав нухмалъулесе-гьитIинасеги тIадегIанасеги мисаллъун гуребги гьездехун бугеб тIалаблъунги.

-Жакъа нухмалъулесул губернаторасдасан байбихьун росдал бетIерасде ва гьитIинабго учреждениялъул нухмалъулесде щвезегIан кIвар бугеб масъалалъун ккола улкаялда церечIарал масъалаби тIуразариялде жинца нухмалъулел ахIи, гьезул рухIиябгун нравственнияб рахъ щула гьаби ва гьенив чIагояб мисаллъун вукIин,-ян абуна В. Путиница.

-Бищунго зарал ва хIинкъи цIикIкIараблъун ккола,-ян абуна Россиялъул Президентас, гьал къоязда букIараб «Единая Россия» партиялъул съездалда, жакъа улкаялда ругел захIмалъабиги кIодо гьарулаго, нухмалъулев гьездасан гIарац гьечIо-гьечIоги бачун гьел захIмалъабаздасан пайда босизе лъугьин. Гьев ккола вредительлъун.

ХIисаб гьабураб заманалда бихьулеб буго захIматалъулал, хасго гIолилал хIалтIулел ругел коллективазда нравственниябгун рухIияб ва патриотикияб тарбия кьеялъулаб хIалтIулъ нухмалъулезул тарбия кьеялъулабгун мисал бихьизабиялъулаб роль цIи гьабизе тIадаблъун гьабулеб буго жакъасеб гIумруялъ. Нухмалъулесдасан жакъасеб гIумруялъ тIалаб гьабулеб буго политикиябгун нравственнияб ва рухIияб культура, жиндирго мисалалдалъунги тIалаб-агъазалдалъунги хIалтIухъабазул захIматалъулаб гьира базабизеги ва щивасул хIаракатчилъиялъе битIараб къимат кьезеги бажари ва ритIухъльи. Нухмалъиялъулаб гьединаб качествоялда бараб букIине буго коллективалъе, хасго гIолохъанаб гIелалъе тарбия кьеялъулаб качествоги. Гьелъульги кIвар бугеб бутIалъун ккола тарбиячиясул бицунебги гьабулебги дандекколеб букIин.

Дагъистан Республика цебетIезабиялъе бугеб Дагъистаналъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасул приоритеталъулаб проекталъул «Инсанасулаб капитал» бутIаялда хасаб кIвар кьун буго гIадамазе, хасго гIун бачIунеб гIелалъе нравственниябгун рухIияб ва патриотикиябгун захIматалъулаб тарбия ва гъваридаб лъай кьеялде ва сахаб Дагъистан букIинабиялдеги.

Гьелда бан гIемерго цIикIкIун руго нилъер районалъулги лъай кьеялъул ва сахлъи цIуниялъулал учреждениязул нухмалъулезда цере чIарал масъалаби.

Масала, школазул нухмалъулез жидерго гIуцIалилабгун учительзабазулал коллективазулгун, хасго гIолохъанал педагогазулгун гьабураб насихIаталъулаб хIалтIи балагьизабизе ккола гьез цIалдохъабазе кьолеб бугеб лъаялъул ва тарбиялъул качествоялъул даража борхизабиялде, гьеб гIумруялъул жакъасеб даражаялде бахинабиялде. Узухъда, школазул нухмалъулезул гьеб хIаракатчилъиялъ хIасил кьезе буго гьел жалго кинабго рахъалъан мисалияллъунги рагьараллъунги ругони.

Нухмалъулесул тарбия кьеялъулаб хIалтIи щулаго бухьараб букIине ккола киналго ва щивав хIалтIухъанас жидерго тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразари тIалаб гьабиялда. Гьениб ритIухъльи цIуниялда.

«Сахаб Дагъистан» абураб Дагъистаналъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасул приоритеталъулаб проект гIумруялде бахъинабиялда бан чIахIиял масъалаби цере чIун руго районалъул сахлъи цIуниялъулаб системаялда.

Гьеб проект гIумруялде бахъин гIемериселъ битIахъего бараб буго тохтурзабазулгун цогидал медхIалтIухъабазулгун гьабулеб рухIиябгун нравственнияб ва патриотикияб тарбия кьеялъулаб хIалтIудаги ва гьеб битIун гIуцIиялдаги. Лъазе ва бичIчIине ккола жинда тIадал пачалихъиял ишал, ракIбацIцIад гьарулев чи вукIин унго-унгояв патриот.

Гьеб рахъалъ хIалтIи чIаго гьабизе гуребги, гьеб щибаб заманалъулаблъун гьабиялъул рахъалъ кIвар бугеб масъала буго райбольницаялъул ва батIаго райполиклиникаялъул нухмалъулезда цебе. Гьел учреждениязда зама-заманалда гьарулел данделъабаздасан пайда босизе ккола нравственниябгун рухIияб тарбия кьеялъе. ХIакъаб жо нравственниялгун рухIиял хасиятал чорхолъ ругев тохтурас яги гьоркьохъев медхIалтIухъанас унтарасдехун гьесул сахлъиялдехун биччазе гьечIо тIаса-масалъиги, ургъел гьечIолъиги, бищунго аслияб, гIаданлъи гьечIолъиги.

***Ш. ГIАЛИЕВ,***
***районалъул ветераназул советалъул член.***

# МУЗЕЙ ЛЪУГЬУН БУГО ТАРБИЯ КЬЕЯЛЪУЛ ГЪАСИТОЛЪУН



Дагъаб цебе, ай учительзабазул августалъулаб совещаниялдаса хадуб ГIалахъ росдал лицеялъул директор МухIамад ХIажиевасулгун букIараб дандчIваялда дир хабар ккана цIалдохъабазе нилъер умумузул лъикIал рухIиялгун нравственниял гIадатазул рухIалда ва гьединго патриотикияб тарбия кьеялъул рахъалъ бугеб хIалалда тIасан. БитIараб бицани ракIалда ккун букIинчIо гьадигIанго мухIканго гьелъул хIакъалъулъ бицине гьесие бокьилиланги ва заман батилиланги.

-ГIун бачIунеб гIелалъе умумузул гIадатазулги ва патриотизмалъулги рухIалда тарбия кьеялъул суалалде кидаго хасаб кIвар кьолеб букIана лъаялъул учреждениязда, ай школазда,-ян байбихьана директорас, амма ахираб заманалдайин абуни, гьеб рахъалъ школазда цебе чIараб масъала гIемерго борхана. Гьеб цIикIкIун тIалаб гьабулеб буго жибго гIумруялъ ва гьеб жаниб бугеб заманаялъги. БатIаго цIикIкIана рухIиябгун патриотикияб тарбия кьеялъул ишалде кьолеб кIвар ахираб заманалда.

Нилъеда бихьулеб буго гьанжесеб XXI гIасруялъул байбихьуда гIемерго церетIун рукIин информациялъул технологияби. Гьелдаго цадахъ къватIибе бахъана миллатчилъиялъул суалги. Гьелдасан мекъаб, чорокаб, гIадамазда гьоркьоб рикIкIелал ккеялъул мурадазе пайда босулеб буго хасал гIадамаз. Къасиги-къадги чIечIого гьеб мурадалъе гьез пайда босулеб буго щивасухъ кодоб бугеб телефоналъул интернеталъулгун бугеб бухьеналдасан. Гьениб букIунеб буго КIудияб гIурус халкъалъулги Кавказалъулазулги бугеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ гьоркьобе кьогIлъи рехулеб гьереси-информация. Цо-цо пикру мукъсанал гIун бачIунеб гIелалда кколеб буго гьеб уяб жойин. Гьезда лъалеб гьечIо гьединаб гьереси-информация кьолезул мурад букIин Россиялдасан Кавказ батIа гьаби.

Школалъул тарбия кьеялъулаб хIалтIул бегIерлъи балагьизабизе ккола кавказалъулазул ва гьездаго цадахъ дагъистаниязулги талихI букIин Россиялъулгун бугеб бихxи гьечIеб вацлъиялъулъгун гьудуллъиялъулъ букIин гIун бачIунеб гIелалда бичIчIинабиялде. Гьединго бичIчIинабизе ккола гьеб кибго ясбер гIадин цIуни кколеблъи щивасул моралияб налъилъун.

Гьебго интернеталда букIунеб буго ахирал соназда халкъалде тIаде бачIараб балагьлъун кколеб терроризмалъул пропагандаги.

Гьединаб ахIвал-хIалалъул заманалда кинха гIуцIун бугеб, масала, нижер росдал школалда, ай лицеялда тарбия кьеялъулаб хIалтIи?

Гьеб рахъалъ нижер буго хассаб программа узухъда, гьеб батизе ккола районалъул щибаб школалдаги. Гьеб программаялда рекъон тIоритIулел руго батIи-батIиял тадбиралги. Гьелъие нижеца пайда босула гIемермиллатазулаб Дагъистаналъулги ва нилъерго районалъулги вацлъиялъулабгун гьудуллъиялъулаб гIумруялдасан. БичIчIинабулеб буго мацIазулги миллатазулги батIалъи гьабичIого ва гьурмал кьераздеги балагьичIого нилъер бугеб гьудуллъиги ва гьелъулъ букIин нилъер къуватги ва бергьенлъиги. Кидаго гIадин нижеца гьеб бихьизабуна 1999 соналъул августалдаги. Гьелъул хIакъалъулъ бицунаго гIахьал гьарула гьеб августалъулаб лъугьа-бахъиналъул гIахьалчагIиги. Гьединал дандчIваязда ва Россиялъул армиялда хъулухъ гьабизе гIолилал регIиялъул тадбираздаги гIахьаллъула росдал бетIерги имамги.

ГIун бачIунеб гIелазе рухIиябгун патриотикияб тарбия кьеялъул гъаситолъун лъугьун буго нижер лицеялъул музей. РакIалда буго гIун бачIунеб гIелалъе умумузул лъикIал гIадатазулги бахIарчиял ишазулги рухIалда рухIиябгун патриотикияб тарбия кьеялъулъ мустахIикъаб бутIа музеялъул кIваралъул суал районалъул газеталъги борхун букIараблъи дагъаб цебе. Жидерго музей бугеб школалъул-лицеялъул директор хIисабалда дица хасаб рахъ ккола музеялъул рахъалъ «Гьудуллъиялъ» загьир гьабураб пикруялъул. ГIицIго гIун рачIунел гIелазе рухIиябгун патриотикияб тарбия кьеялъе гуребги музеялъ кIудияб квербакъи гьабула гьел гIелазулъ гьудуллъи гьунки бижинабиялъеги.

Нижеца хIалбихьула цо-цо тарбия кьеялъул дарсал музеялъур тIоритIиялъеги, гьенир тIоритIула рагъулгун захIматалъул ветераназулгун цIалдохъабазул дандчIваялги. Гьелъги лъикIал хIасилал кьолел руго.

Нижер музеялъур руго «Щивго ва щибго кIочон гьечIо»-(1941-1945 с с); «БухIараб 1999 сон»- «Рагъалъ бахъараб гIолохъанлъи»- Афгъанистаналъул сонал-абурал берцинго къачIарал стендал.

Умумузул гIадатазул ва бахIарчиял ишазул ва патриотикаялъул рухIалда гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъул иш лицеялда хIажатаб хIасил кьолеб даражаялде бачиналъе, гьениб щивав учителасулги жавабчилъи борхизабиялъе тадбирал гьарулел руго, гьалмагъ,-ян разиго лъугIизабуна директорас диргун букIараб гара-чIвари.

***Ш.ЛАБАЗАНОВ.***













# ХЕРЛЪИЯЛЪУЛ БЕРЦИНЛЪИ-РУХIИЯБ БЕЧЕЛЪИЯЛЪУЛЪ

Октябралъул авалалда АнсалтIа росулъ кIодо гьабуна чIахIияб гIелалъул



халкъазда гьоркьосеб Къо. Радал сагIат анцIгоялдаго гьелде ракIарун ругоан ансадерил ва мадугьалихъ бугеб РахатIа росдал кIудиял чагIи. Гьенире рачIине захIмалъулел чIахIиял чагIазе транспорталдалъун кумек гьабун бугоан кIиябго росдал бутIруз.

Гьеб Къо кIодо гьаби росдал кидагосеб гIадаталде сверизабун буго АнсалтIа росдал бетIер ХIайдарбег ХIайдарбеговас ва тIобитIулебги буго тIадегIанаб даражаялда. Росдал кIудиял гIадамал дандракIарун ва гьезда жидерго Къо баркун къокълъулеб гьечIо росулъ гьеб тадбир тIобитIи. ГIинтIамулеб буго гьезул хIажатаб-таралде, гьезул гIакълуял предложениябазде. Сахаватаб пенсиялдалъун гуребги гьел рохизарулел руго кванилал продуктабазул къиматал сайгъатаздалъунги.

Росдал школалъул минаялъуб тIобитIулеб бугеб гьеб рохалилаб тадбир рагьизе ихтияр кьун бугоан школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель Раисат ГIузаировалъе. ХIеренаб гьаркьидалъун гьелъ салам кьола чIахIияб гIелалъе ва гьалбадерие ва баркула киназдаго кIудиял чагIазул халкъазда гьоркьосеб Къо-байрам, гьезие гьарула гIумрудул къоял тIагIанагIан щулияб сахлъи, ракълилаб ва чIара-хьараб гIумру…

Амма бихьулеб букIана жиндирго калам лъугIинабизе гьелъие цо щиб бугониги жоялъ квал-квал гьабулеб букIин. Гьелъул бадиб магIу хулула. Дирго пикруялда, гьелда ракIалде щун ратизе ккола жидерго ракIбацIцIадаб тIолабго гIумру, росдал лъималазе тарбия- лъай кьеялда биччарал жиндирго мунагьал чураял эбел-эмен-ГIазра ва АхIмад. Узухъда, Раисатил гьел ракIалде щвей ккола рухIиябгун нравственнияб борхалъиялъун.

КIалъазе вахъуна, гьелъ рагIи кьурав, росдал бетIер **ХI. ХIайдарбегов,**



киназего салам кьола гьес, кIудияб разилъиялъулаб ахIвал-хIалалда, росдал чIахIияб гIелалдаги ва цогидаздаги ракI-ракIалъ баркула кIудиял чагIазул халкъазда гьоркьосеб байрам. Гьарула киназего щулияб сахлъи, рохалилаб ва Аллагь разияб гIумру, хъизан-агьлуялдаса рохел. Баркала кьола, гьеб рохалилаб байрамалда гIахьаллъизе рачIарал районалъул КЦСОНалъул хIалтIухьабазе ва гьелъул цIияв нухмалъулев М-Р. ГIусмановасе, районалъул ветераназул советалъул председатель К. ШагIбановасе. Гьенибго М-Р. ГIусмановасда баркула цIияб хъулухъ ва баракатаб батагиян гьари-дугIаги гьабула.Амма,-ян абуна росдал бетIерас,- гьеб баракатаблъун букIуна, гIицIго халкъалъе пайдаяб къагIидаялда хIалтIанани.

Жакъа дун вохарав вуго рахатIаса кIудияб гIелги гьанире рачIиналдасан. Гьеб цIакъ лъикI буго. Нилъ сундулъго цадахъ рукIине ккола, нилъ цогояв гIадамал ругелъул.

- ХIурматиял гьалмагъзаби,-ян абуна гьес,-жакъаги нуж ракIариялъул ва нужеда гьадинаб дандчIвай гIуцIиялъул мурадлъун ккола тIоцебесеб иргаялда нужер байрам кIодо гьаби, хадуб нуж кIодо гьари, нуж сах-саламатго рукIин нижедаги ва цоцадаги рихьизе бокьи ва росдал экономикиябгун социалияб гIумруялъулъ гIолохьанал соназда нужеца бихьизабураб хIаракатаб гIахьаллъи ва захIмат кIодо гьабиги.

Росдал администрациялъ бажарараб хIаракат бахъизе буго нужер ва росдал тIолалго гIадамазул социалиял рахъал лъикIлъизариялъеги, росулъ гIадлу-низам букIинабиялъеги ва гIун рачIунел гIелазе нилъерго умумузул лъикIал гIадатазул ва хасго гьезул патриотикиялгун захIматалъулал хасиятазда тарбия кьеялъеги.

Гьеб кIвар бугеб ишалъулъ нужер рахъалъан хIаракатаб гIахьаллъи хIажатаблъун ккола жакъа. Гьеб кинабгоялдасан рикIкIад чIечIого рукIиналъе щулияб сахлъиги рекIел парахалъиги ва бищунго аслияб-берцинаб херлъиги кьейги нужее . Херлъи берцин гьабула берцинаб ретIа-къаялъ гуреб гIолохьанал соназда бакIарараб гIакълуги хIалбихьиги пайдаялъе, хасго гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъе хIалтIизабиялъги ва сабруялъгун хьвада-чIвадиялъги ва мисалияб рукIиналдалъунги. Гьенибги квербакъаги нужее Аллагьас,-ян гьари-дугIаялдалъун лъугIинабуна росдал бетIерас жиндирго кIалъай.

КIалъазе рагIи кьола районалъул рагъулгун захIматалъул ветераназул советалъул председатель К. ШагIбановасе. Киназего салам кьун



# ХЕРЛЪИЯЛЪУЛ БЕРЦИНЛЪИ-РУХIИЯБ БЕЧЕЛЪИЯЛЪУЛЪ

хадуб гьес кIудиял чагIазда баркула халкъазда гьоркьосеб херазул Къо-



байрам ва гьезие гьарула щулияб сахлъи, агълу-хъизамаздасан рохи ва гIодобе биччараб сабруяб гIумру.

Хадуб гьес херал чагIазе баян гьабула гьезул гьеб Къо киб ва кида чIезабуралъул хIакъалъулъ.

-ХIурматияб ансадерил жамагIат-кIудиял чагIи, гьале чамго нухалъ щолев вуго нужер гьадинаб байрамалде ва щибаб нухалъ дун тIадвуссана кIудияб разилъиялда ва нужер росдал гIадамазул-гIисиназулги чIахIиязулги гъункиялда ва нужер росдал бетIер ХIайдарбегица росулъ гьабулеб бугеб хIалтIуда бахиллъиялда,-ян абуна гьес.

Гьадинаб къагIидаялда кIудияб гIелалъул халкъазда гьоркьосеб Къоги ва нужерго росдал херал чагIиги кIодо гьариялъе ресал рати гуребги, гьелъулъ унго-унгояб гIахьалчилъиги гьабулеб буго нужер росдал бетIер ХIайдарбегица. Сахлъи кьейги гьесие гьединаб къагIидаялда хIалтIизе.

-Гьес хасаб пикру буссинабун буго гIун бачIунеб гIелалъе нравственниябгун патриотикияб тарбия кьеялдеги. Гьелде гIахьал гьабулеб буго чIахIияб гIелги. Узухъда, гьеб суалалде кьолеб бугеб кIвар жеги цIикIкIинабуни лъикI букIина.

-Ассаламу гIалейкум АнсалтIа росдал жамагIат, кIудияб гIел ва гIолилал,-ян байбихьула кIалъазе рагIи кьурав районалъул кIудиял чагIазегун инвалидазе социалияб хъулухъ гьабиялъул централъул цIияв нухмалъулев **МухIамадрасул ГIусмановас.**

-Росдал бетIерасул хIаракатчилъиялда кIудиял гIадамазул халкъазда гьоркьосеб Къо-байрам гьадинаб къагIидаялда кIодо гьаби ккола,-ян абуна гьес,- росдал кинабго рахьазулаб гIумруялъулъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабулаго херлъарал росуцоял кIодо гьарилъун.

Аза-азар баркала буго



дуе, ХIайдарбег, гIезегIан гьабулеб бугеб хIалтIухъ. Нижер централъул хIалтIухъаби рохарал ва хIадурал руго кIудиял гIадамазда ва инвалидазда сверухъ гьабулеб хIалтIи цадахъ гIуцIизе.

Нужер росулъ кIудияб хIалтIи гьабулеб букIин бихьулеб буго гIун бачIунеб гIелалъе нравственниябгун патриотикияб ва физическияб тарбия кьеялъул рахъальги. Гьелъие гвангъараб мисаллъун ккола тIолгороссиялъулал спорталъулал къецазда тIоцебесеб бакIги ккун, гьал къоязда тIад буссараб нужер школалъул цIалдохъабазул команда. Гьеб ккола росдал школалда цебе Лабазан Лабазановасул нухмалъиялда хIалтIулеб бугеб спортшколалъул хIаракатаб хIалтIул хIасиллъун. Гьеб командаялда ракI-ракIалъ баркула гьеб кIудияб бергьенлъи ва гьарула хаду-хадубги гьединал бергьенлъабаздалъун росуги, районги ва республикаги берцин гьаризе сахлъиги спорталъулал гьунаралги.

-ХIурматияб кIудияб гIел,-ян байбихьана байрам баркун кIалъазе вахъарав росулъги районалдаги машгьурав исламияв гIалимчи **ЖунайдхIажица**,-нужеда жакъасеб Къо дица баркулеб буго дирго рахьалдасан гуребги нужеда хадусеб ва дирго гIелазул рахьалдасанги. Берцинаб, чIагояб ва таваккалаб херлъи нужее! Гьединаб къагIидаялда росдал кIудиял гIадамал щибаб санайил кIодо гьарулев вугев ХIайдарбегиеги гьесул хIалтIухъабазеги баркала буго.

Ахиралда кIудияб гIелалда байрам баркизе, бетIералда **Л. Лабазангун** гьеб команда цебе бахъуна. Баркиялъулаб кIалъай гьабулаго, Л. Лабазановас кIудияб баркала загьир гьабула росдал бетIер ХI. ХIайдарбеговасе росдал спортшколалъ гьабулеб бугеб хIалтIул рахъ кквеялъе ва киналго ишазулъ цадахъ ва кумекалъе ватулев вукIиналъухъ. Росдал кIудияб гIелалъе рагIи кьола росулъ спорт цебетIезабиялъулъ тохлъи биччангутIизе.

Баркиялъулал кIалъаязда гьоркьо-гьоркьор рукIана школалъул лъималазул батIи-батIияв интересал ва лъикI гIуцIарал художественниял церерахьиналги ва кьурдабигун кучIдул ахIиял. Жалго кIудиял чагIазги ва гьалбадерицаги инкар гьабулеб букIинчIо кьурдизе рахьиналъе…

Гьеб киналдасанго бугеб разилъи бихьулеб букIана кIудиял чагIазул щивасул гьурмадасан



***Ш. ЛАБАЗАНОВ,***
***районалъул ветераназул советалъул член.***

# НИЛЪЕР РАКЬЦОЯЛ РАЙОНТУН КЪВАТІИР ГЬАДИНАЛ ГІЕМЕРЛЪАГИ НИЛЪЕР



Дагъаб цебе заманалда дун вегун вукIана республикаялъул кардиологическияб централда. ЦIакъ берцин гьабураб больница бугоан гьеб. Гьелдасан лъикIал ва берцинал тохтурзабиги ругоан гьенир. Гьеб берцинлъи гьезие кьолеб бугоан гьезул унтараздехун тIалаб-агъазалъулаб балагьиялъги, гьездехун хIеренаб каламалъги, ракIбацIцIадаб хIалтIуцаги, гьезул чорхолъ чIухIи-пахрулъи гьечIолъиялъги, бищунго цIикIкIун гьеб берцинлъи кьолеб бугоан унтараздехун хьулдакъаб гуреб, сахаватаб ва таваккалаб бербалагьиялъги…

Гьенир регун рукIана 2-3 нухалъги гьенире ккарал чагIи. Гьезулгун хабар ккедал, гьез бицана гьениве гьанжесев бетIерав тохтур вачIинегIан унтараздасан тIалаб гьабулебги гьездехун рукIунел хьулалги гIезегIан чIахIиял рукIанин. Гьезул цояс абуна батIи-батIиял багьанабиги рачун цо унтарасдасан ракIарулел рукIарал гIарцал 10-15 азарго гъурщиде бахунеб букIанин.

БетIерав тохтурлъун тIамун хIалтIуде вачIараб Гъуниб районалъул ГIусман абулев чияс гьединан искусственнияб кьагIидаялда билълъанхьизабулеб гIадлу-низамалда тIаса биццатаб мухъ цIанин. Гьев вугин рухIиябгун нравственнияб рахъалъ борхалъуда вугев унго-унгояв магIарулав. Гьелде бачун бугин гьес больницаялъул тIолабго коллективги. Гьев вугин рекIелъги сверухълъиялдаги рацIалъи бокьулев чи.

Гьеле, гьесул гIадаб гIамал-хасият бихьана дида дун сах гьавулев вукIарав тохтур Расул ХIажиевасулги. Дун вукIараб палатаялъул рукIараз бицана гьев нужер магIарулав вугилан ва цIакъ лъикIав ва тIалаб-агъаз бугев тохтур вугилан. Узухъда, гьеб дидагоги бихьулеб букIана. Дица гьев тохтурасда гьикъана щиб районалдасан вугин. Жив гьагъалъав вугин бицана гьес. Гьедин батани нилъ цо районалъул чагIи кколел ругохаян абуна дица разиго. Ругохаян абуна гьес дидасанги цIикIкIун разиго…

Хадуб дир интерес ккана гьев цIалараб бакIалъул. Гьенибин абуни гьев намуслъизе лъугьана. Амма дица гьесда кинго бицинабуна жиндирго хIакъалъулъ дагьа-макъаб жо…

Гьавун вугоан гьев цIияб Гъагъалъ росулъ 1986 соналда. Гьениб гьоркьохъеб лъай щварабго 2002 соналда цIализе лъугьун вуго Дагъистаналъул медакадемиялде. Бергьенлъиялда 2008 соналда гьебги лъугIизабун гьебго соналда Москвалъул А. Бакуловасул цIаралда бугеб НЦССХялъул ординатураялде. 2010 соналда тIадегIанаб даражаялда гьебги лъугIинабун рекIелгун бидурихьазул хирургасул махщел щварав Расул, гьеб соналъ гьенивго лъугьуна аспирантураялде. 2016 соналъул январалда бергьенлъиялда цIунула медициналъулал гIелмабазул кандидат абураб цIаралъе «Непосредственные результаты малоинвазивной реваскуляризации миокарда у больных с хроническими болезнями почек» абураб темаялдаса диссертация. Гьениб гьесие кIудияб къимат кьуна комиссиялъ.

2016 соналъул маялдаса нахъе хIалтIулев вуго республикаялъул кардиологияб ва рекIелгун бидурихьазул централъул ракIалъул ишимическияб унтиялъул хирургическияб отделениялда хирурглъун.

Гьесул хьвада-чIвадиялдасанги, гIадатлъиялдасан гIаданлъиялдасанги бихьулеб букIана вас Расулие тарбия кьолаго гьесул эбел Курсият Идрисовалдаги ва эмен ХIажикIу Ибрагьимовасдаги бихьараб дагьа-макъаб захIмат гIадада хун гьечIеблъи. Гьединалго рагIуна Расулил кIиявго вац Халидги, ХIажиги.

Нилъер ракьцояв Расулил хIакъалъулъ хьвазе пикру ккедал дица, гьесул хIакъалъулъ гара-чIвари гьабуна гьевгун цадахъ хIалтIулезулгун. ЛъикIаб букIинесеб цебе бугев специалистги лъикIав ва гIаданлъи, яхI-намус цIикIкIарав инсанги вуго гьевин абуна киназго.

Гьанив хIалтIизе лъугьун гIемер заман гьечIолъиялъ, нилъер районалдагони щиб гурин, магIарухъ бугеб нужерго Гъагъалъ росдал гIадамаздагицин лъалев ватиларо мун. Гьенисан гьанире сах гьаризе рачIунел унтаразе кумек гьабизеги щолищ дуеян абидал, - ХIалтIизе лъугьун 4-5 моцI гурони гьечIелъул, гьединал гIадамал дагьал руго. Амма кумек гьарун рачIарал ракьцоязе гьеб гьабизе хIадурав вуго. Гьеб рахъалъ жиндасан мисал босизе мустахIикъав нилъер ракь ва районцояв тохтур-хирург вуго гьанив. ГIурабго заманаялъ хIалтIулев вукIиналъ, гьеб дуца кьураб суалалъул рахъалъ лъикIаб хIалбихьи щун буго гьесие. Гьев ккола Абусов ХIажи.

-Гьеб дидаги рагIана. Нуж кIиязулго цоцадехун лъикIаб гьоркьоблъиги батила,-ян абидал,- узухъда,-ян абуна Расулица.

Ниж гьединан кIалъалел рукIадго, Расул хIалтIул рахъалъ ахIун уна… Гьеб кьоялдаса нахъе тIокIав вихьичIо гьев. Гьев вачIинегIан, гьев хисун хIалтIизе ячIарай цо гIолохъанай тохтур-кардиолог ПатIимат МухIамадовналъ бицана Расулил бертин бугилан. Гьей тохтурги йигоан, абухъего А. Чеховасул тIалабазулай тохтур…

Тохтур Расул ХIажикуевасда баркула ригьин, Аллагьас баракатаблъун гьабейги гьеб!

ХIалтIулъгун цIалулъ бергьенлъабиги ва гьел гIаданлъиялда халкъалъго хIалтIизаризе щулияб сахлъиги ва киналго лъикIалщинал ишазулъ битIккейги гьарула гьесие!

***Ш. ЛАБАЗАНОВ.***

# Дуниял теялдаса вохун ватаги

**Ш. Лабазанов. КъанагІатги ватиларо гьеб цІар рагІичІев инсан нилъер районалда. Амма цІаралъ инсан кколарелъул, цІарал кьоялги лъугІун ШагІбаницаги бухьана ахирияб сапар.**

**Камуна гьев лъималазе, гІагарлъиялъе гуревги. Камуна гьев «Гьудуллъи» газеталъе. КІикього соналъ гьесул нухмалъиялда гьоркь цебетІураб газета тохлъукьего хутІана ШагІбанил бегІераб рагІиги, пикруги камун. Жиндир гІумрудул ахирисел кьоялги ШагІбаница тІамуна газеталъул гьурмал жиндирго макъалабаздалъун бечед гьарулаго.Ш. Лабазанов кидаго хутІила коллективалда рекІелъ:**

## АХІМАД АГЪЛАРОВ

Мунагьал чураяв ШагІбангун хІалтІизе дие гІемер мехалъ щвечІо, амма гьеб кьокъабго заманалда жаниб гІемераб пайда щвана дие гьесдасан. Гьесул гьабураб калам, гІодове виччараб хьвада-чІвади, дидаго лъачІого, мисаллъун лъугьана дие.

Дида лъалаан бокьараб суалгун аскІове ани гьесул рахъалдаса кумек щолебльи, гьабулеб ишалъе битІараб къимат гьес кьолебльи.

## ЭЛЬДАРОВА ПАТІИНА

Дун хІалтІуде ячІана 1979 соналъ. Дида ШагІбан ватана «Коммунизмалде нух» газеталъул бетІерав редакторлъун. Гьединаб букІана гьанжесеб « Гьудуллъи» газеталда цебе цІар. Гьеб букІана захІматаб, хІалтІи тІалаб гьабулеб замана. ШагІбан вукІана жавабчилъи цІикІкІарав нухмалъулев. Гьесул махщел букІана хІалтІухъанасул рекІелъе нух бахъиялъеги ва гьездаса лъикІаб хІалтІул хІасил букІинабиялъеги.

ЛъикІаб гьудуллъи, гьуинлъи букІинабулаан цогидал районазул газетазулгун. Коллектив гьункиялъе гьарулаан данделъаби. Жиндир заманаялъ харжал рукІинарулаан. ХІакъикъаталда, ШагІбан вукІана хІалтІул цевехьан. Жиндирго ахирисел кьоязгицин жиндирго сахлъиялда балагьичІого, хьван лъугІизаруна гьес газеталда лъезесел материалал.

## НАЗИРБЕГОВА АСИЯТ

ТІоцее хІалтІуде ячІиндал дида ШагІбан вихьана кутакалдасан нур бугев бер гІорцІарав чилъун. АскІоеги ахІун малъа-хьваял гьарулаан гьес дие. Кутакалдасан хирияб букІана ШагІбание тарбия кьезе. Дида рекІелъ гьев кидаго хутІила хІалтІи хирияв, жигарав хІалтІухъанлъунги сабурав инсанлъунги.

## ПЕРЗИЯТ МУХІАМАДОВА

Дир кутакалда ракІ бухІана мунагьал чураяв ШагІбанида хадуб. Таманал соназ хІалтІана дун гьевгун. Гьев вукІана кутакалда гІаданлъи бергьарав, яхІ-намус бугев инсан. ГІумруялъ ракІалдаса ине гьечІо дие гьесул малъа-хьваял. Гьес кидаго абулеб букІана: «Нилъ гьанир гьоболлъухъ руго: «Гьединлъидал инсанасе бергьараб лъикІлъи гьабизе кколин»-абун.

## ПАТІИМАТ ДИБИРОВА

Редакциялъе гуребги, мунагьал чураяв ШагІбан районалъего камунилан абуниги дун мекьи ккеларо. Гьев вукІана ракІбацІцІадав, гІадамазе щиб кьварилъи кканиги хІалае вахъине хІадурав инсан. ГІемерал гІадамал рачІунел рукІана редакциялде ШагІбанилгун ургъел бикьизе. Жидерго кьварилъи-гІатІилъиялъул бицун.

Аллагьасда цевеги витІун ккаравлъун ватаги гьев.

## АМИНАТ ИБРАГЬИМОВА

ШагІбан дида лъаларо нухмалъулев хІисабалда. Амма инсан хІисабалда кутакалдаса недегьав чи вукІана гьев. Кидаго кьваригІараб, пашман йигони ккараб-тараб цІехон ракІ батулаан гьес дир лъикІав инсан вукІана гьев.

## ШАМИЛЬ МУРТАЗАЛИЕВ

ШагІбан вукІана кутакалдаса хІалтІи тІалаб гьабулев, тІадчІун гьеб рагІалде бачунев нухмалъулев. Жиндирго материалалъул мухІканлъи камил гьаби гуребги, щибаб сураталъул дандеккейгицин ракІ унтун тІаде босулаан гьес.

Гьев гІадин хІалтІуе гІумруги, заманги, ракІги, рухІги кьурав чи Дагъистаналдаго килщазда рикІкІине гурони ватиларин тола дица. Гьев вукІана унго-унгояв хІалтІухъанги, жавабчилъи бергьарав, тІалабчилъи цІунарав нухмалъулевги.

## ЗАИРА МУХІАМАДОВА

Абула кІудияв чи, рокъов баракат бугев вукІунин. ШагІбанги редакциялъе баркат бугев чи вукІана. Гьев камуна хасс гьабун корреспондентазе, щай гурелъул гьезул хІалтІудехун гьечІеб жавабчилъи ШагІбанил материалаз чамги роцІине гьабуна. ШагІбаница абуниланги абун рикІкІине гІемерал гІакълаби тана гьес дие гІумрудулъ хІалтІизаризе. Гьес абулаан коллективалъе нухмалъулев вукІине кколин лъималазе эмен гІадав. ХІакъикъаталдаги жиндирго рагІабазе хисичІо ШагІбан.

Доб букІана нижер цадахъаб хІалтІул ахирисеб кьо…«Гьалеха Заира нилъ исана хасало квачазе гьечІо»,-янги абун печги босун кабинеталде жаниве лъугьана гьев. ХутІана дунго, хинаб кабинеталда….Мунагьал чурун арав ватаги Иманалда рухІ босун батаги.



# ЛАБАЗАНОВ ШАГIБАН ЛАБАЗАНОВИЧ











ШагIбан гьавуна 1938 соналъул 27 декабралда АнсалтIа росулъ.

ГIагараб росулъ школаги лъугIизабун, 1957 соналъ гьев ахIана рагъулаб хъулухъалде.

1960 соналъ Украиналъул Узлинь шагьаралда тIадаб борчги борхун тIад вуссун хадув, 1964 соналде щвезегIан цIалана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институталда. Гьебго заманалда гьев хьвадана Советияб партшколалъул курсаздеги. ЦIалиги лъугIун, районалде тIад вуссарав ШагIбан 1964-1965 соназ хIалтIана РК КПССалъул парторганизаторлъун, РК ВЛКСМалъул кIиабилев ва, гьоркьоб заманго инчIого, тIоцевесев секретарьлъун.

1966 соналъ ШагIбан лъугьана хIалтIизе районалъул газеталъул редакциялде. Гьелдаса нахъе, жиндир гIумрудул 50 сон гьес кьуна гьеб хIалтIуе. ШагIбаница редакциялда гьабуна завотделасул, жавабияв секретарасул, заместителасул ва 30 гIанасеб соналъ бетIерав редакторасул хIалтIи. Гьеб заманалда жаниб гьес гIуцIана лъикIаб коллектив, тIадегIанаб даражаялде бахинабуна районалъул газеталъул къимат.

Гьесул къалмикьа къватIире рачIана инсан гIаданлъиялде, живго вижараб гIагараб ракь бокьиялде, нилъерго магIарул яхI-намус цIуниялде ахIулел гIемерал макъалаби. Хасаб кIвар ШагIбаница кьуна гIун бачIунеб гIел нилъерго гIадатал цIунараблъун, кIудиязул адаб-хIурмат, гьитIиназул тIалаб-агъаз бугеблъун куцаялде. Гьесул кIудияб гъираги ва планалги рукIана хадубккунги гьединго хIалтIизе. Амма…

Ракьалда инсанасул къоял рикIкIун кьураллъидал, 26 октябралъ абадиялъго къанщана ШагIбаница берал.

Гьев мунагьал чураяв вукъулелъуб росдал имамас абуна росдаеги росдал гIадамазеги гIемер лъикIлъи жиндир рахъалдаса щварав, иманги гIаданлъиги бугев чи гьев вукIанилан. Иншааллагь гьелъие нугIлъи нилъецаги гьабила.

Аллагьас алжан гьесие насиблъаги! Гьесул лъималазе, гIагарлъи-божаразе, рикIкIен гIемераб гьудуллъи-гьалмагълъиялъе иманги сабруги кьеги.

**Райадминистрация.**
**Районалъул ветераназул совет.**
**Редакциялъул коллектив.**